# Nókis qalasındaǵı 7 awır aymaq abadanlastırıladı

Image not found or type unknown

Nókis qalasındaǵı 7 awır aymaqtıń social-ekonomikalıq jaǵdayın jaqsılaw, usı aymaqlardı abadanlastırıw jumısların shólkemlestiriw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń májlisi bolıp ótti.

Májlisti  Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Qaxraman Sariyev alıp bardı. Kún tártibindegi másele, yaǵnıy Nókis qalası aymaǵındaǵı «Qızılqum», «Tele oray», «Qoskól», «Boz awıl», «Jeke terek», «Qum awıl» hám «Qutlı mákan» mákan puqaralar jıyınlarınıń social-ekonomikalıq jaǵdayın jaqsılaw, puqaralarǵa qolaylı sharayatlar jaratıw hám jumıs orınların shólkemlestiriw boyınsha máseleler kórip shıǵıldı hám májlis bayanı qabıl etildi.

Joqarıda atap ótilgen 7 awır aymaqtaǵı jumıslardı sistemalı shólkemlestiriw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarları juwapker etip biriktirildi hám aymaqlardı úyreniw jumısları baslap jiberildi.

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti